WIKIPÉDIA

Basa Jawa Mataraman

Basa Jawa Mataraman yaiku dhialèk Basa Jawa sing digunakaké ing tilas Karésidhènan Madhiun lan Kadhiri, ing Kutha lan Kabupatèn Madhiun, Ngawi, Magetan, Panaraga, Pacitan, Nganjuk, Kutha lan Kabupatèn Kadhiri, Trenggalèk, Tulungagung, Kutha lan Kabupatèn Blitar, lan sabagéyan Jombang—kabèh ing wilayah Provinsi Jawa Wétan, sing bisa diarani "Mataraman".[2] Sing paling katon saka dhialèk Jawa iki yaiku nggunakaké basa sing isih katon alus sanajan ora saalus kaya masarakat ing Ngayogyakarta lan Surakarta.[3]

Ciri utama dhialèk Mataraman yaiku ana bédané intonasi karo intonasi Basa Jawa standar sing asring mènèhi panekanan ing suku kata kasiji, kayata "Byuh-byuh, uayuné cah iki."[4]

Basa Jawa Mataraman	
	ꦧꦱꦗꦮꦩꦠꦫꦩꦤ꧀
Asal	Madhiun, Ngawi, Magetan, Nganjuk, Kadhiri, Panaraga, Pacitan, Trenggalèk, Tulungagung, Blitar
Laladan	Jawa Wétan, Indonésia
Panyatur asli	9,4 yuta (2010)[1]
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Melayu–Polinésia ▪ Jawa ▪ **Basa Jawa Mataraman**
Aksara	▪ Aksara Latin ▪ Aksara Jawa
	Kodhe basa
ISO 639-3	–

Isi

Pambagéyan wilayah kabudayan

Istilah "Mataraman" nuduhaké wilayah budaya ing Jawa Timur sing kalebu tilas Karésidhènan Madhiun lan Kadhiri amarga wilayah kasebut sadurungé dikontrol déning Kasultanan Mataram. Wilayah kasebut kapérang dadi loro, yaiku Mataraman Kulon (kalebu Pacitan, Ngawi, Magetan, lan Panaraga) lan Mataraman Wétan (kalebu Nganjuk, Trenggalèk, Tulungagung, Kadhiri, Blitar, lan Madhiun). Konsèntrasi budaya sosial Mataraman luwih gampang ditemokaké ing Mataraman Kulon tinimbang Mataraman Wétan.[5]

Fonologi

Basa Jawa Mataraman—utamané ing subdhialèk Mataraman Wétan—duwé swara sing béda yèn dibandhingaké karo subdhialèk Mataraman Kulon lan dhialèk Surakarta, amarga tembung "putih" asring diucapaké [putíh] saliyané uga ana "mulih" [molíh]. Iki dibedhèk amarga dhèwèké uga duwé pengaruh sethithik saka dhialèk Jawa Surabaya/Malang.[6]

Tetembungan

Dhialèk Mataraman	Dhialèk / basa standar liyané	Basa Indonésia
awit/wiwit		*mulai*
bar	mari (Surabaya), rampung (Yogyakarta)	*selesai*
barakan		*sebaya, sekelas dalam suatu jenjang (sama-sama kelas II/V/VIII/XI)*
bedhèk, jedhèk		*tebak*
bocah lanang	arèk (Surabaya), laré (Using)	*anak*
cengoh	bodho, longor (Surabaya)	*bodoh*
hèci	pia-pia (Semarang), oté-oté (Surabaya), wèci (Malang)	*bakwan*
ider		*menawarkan barang, berjualan*
jingklong	lemud	*nyamuk*
keblondrok		*menyesal setelah membeli suatu barang karena harga yang ditawarkan terlalu mahal*
kemlinthi	kemaki	*sombong*
kèt, kaèt, sangka	kawit, saka	*dari, semenjak*
kiter		*kejar*
lémpoh	kesel	*lelah*
mau, maeng, engkè		*tadi*
mbècèk		*syukuran sebelum acara pernikahan*
mbesuk, ngéndhangi	methuk (Yogyakarta)	*menjenguk*
mblithuki	mbujuki (Surabaya)	*berbohong*
mbok	ibu, bu, buné	*ibu, bunda*
mboyak	babah (Surabaya)	*biarkan*
men	nemen, banget	*sangat ... sekali*
murus		*sakit perut, diare, mencret*
nasang		*tersangkut*
nggajak		*keren, necis*
ngengkag		*berjalan cepat dengan gerakan goyang*
nylènthèt		*membolos*
pakpuh/bupuh	pakdhé/budhé (Surabaya)	*paman/bibi*
papag		*jemput*
pèmèyan		*jemuran*
sangkèk		*saking, terlalu*
ujug-ujug	teka-teka (Yogyakarta)	*tiba-tiba*
umbar, tog	jar (Surabaya), bèn	*membiarkan*

wayer		*kipas angin*

Uga delengen

- Kabudayan Jawa

Rujukan

1. "Tabel Hasil Sensus Penduduk 2010 Provinsi JAWA TIMUR" (https://web.archive.org/web/20111028211012/http://www.bps.go.id/aboutus.php?sp=0&kota=35). *bps.go.id*. Badan Pusat Statistik. Diarsip saka sing asli (http://www.bps.go.id/aboutus.php?sp=0&kota=35) ing 2011-10-28. Dijupuk 2019-11-30.
2. E.M., Uhlenbeck (1964). *A Critical Survey of Studies on the Languages of Java and Madura*. The Hague: Martinus Nijhoff. OCLC 469418172 (https://www.worldcat.org/oclc/469418172).
3. Budi, Arifina (2016-12-27). "Ini Keunikan yang Hanya Dimiliki Masyarakat Jawa Timur" (https://www.goodnewsfromindonesia.id/2016/12/27/ini-keunikan-yang-hanya-dimiliki-masyarakat-jawa-timur). *Good News From Indonesia*. Dijupuk 2020-01-28.
4. Paryono, Yani (2014). *Sistem Kata Ulang Bahasa Jawa Subdialek Madiun*. doi:10.31503/madah.v5i2.515 (https://dx.doi.org/10.31503%2Fmadah.v5i2.515).
5. Satrya, I Dewa Gde (2016-08-16). "Belajar Nilai dari Keluarga Jawa Mataraman" (https://www.uc.ac.id/library/belajar-nila-dari-keluarga/). *Universitas Ciputra*. Dijupuk 2020-01-28.
6. Ningsih, Faridha Sadik Purwita (2013). "Pemetaan Bahasa Jawa Dialek Mataraman di Kecamatan Puncu, Kabupaten Kediri, Jawa Timur" (http://eprints.umm.ac.id/id/eprint/27562). *Universitas Muhammadiyah Malang*: hlm. 3.

Pranala njaba

- Kamus Madiun Bahasa Jawa - Indonesia (http://ariatamilucky-fib12.web.unair.ac.id/artikel_detail-137333-Linguistik-Kamus%20Bahasa%20Jawa%20Ngoko%20Madiun%20%20Indonesia%20.html)